



Enstriksyon pou Pasyan COVID-19 aprè tès ki baze sou saliv

KI SA M TA DWE FÈ PANDAN M AP TANN REZILTA MWEN AN?

- Kontinye pratike distans sosyal lan, lave men w yo souvan, epi mete yon mask pou kouvri figi w pandan w nan piblik oswa lè ou pa kapab aplike distans sosyal lan.
- Si ou devlope sentòm yo, si sentòm ou yo vin pi mal oswa si ou santi plis sentòm, avize doktè w lan imedyatman pou plis enstriksyon.
- **Ou pral resevwa yon imèl ak/oswa yon tèsk mesaj ki gen rezilta w la nan apeprè 3 jou. Asire ou ke ou tcheke katab SPAM ou an.**
- **Si 5 jou ta pase, epi w pa ta resevwa yon imèl ak rezilta w yo:**
 - Si ou te fè tès ou nan Konte New Castle lan, rele 302-395-3450. Asire ou ke ou gen nimewo randevou w la disponib.
 - Si ou te fè tès ou nan Konte Kent oswa Sussex, voye yon imèl nan DPHCall@delaware.gov oswa rele 1-866-408-1899. Asire ou ke ou gen nimewo randevou w la disponib.
 - Tanpri PA rele oswa voye imèl si ou poko te gen 5 jou depi w te fè tès ou.
 - W'ap jwenn aksè tou a rezilta w yo nan Health Check Connect, yon zouti gratis ki bay moun Delaware (Delawareans) yo aksè ak nan enfòmasyon medikal ki baze-sou-entènèt. Ou ka enskri pou jwenn aksè nan <http://dhn.org/hcc>. Li ka pran plizyè jou anplis pou rezilta yo vin disponib nan Health Check Connect.

KISA M DWE FÈ SI REZILTA TÈS MWEN AN POZITIF?

- Yon reprezantan Divizyon Sante Piblik nan Delaware pral rele w pou l diskite sou rezilta pozitif ou an avèk ou. L ap poze w kesyon sou sentòm ou yo epi l ap poze w kesyon tou sou tout moun ki te nan kontak pwòch avèk ou (mwens 6 pye distans pandan 10 minit oswa plis) pandan 14 dènye jou yo.
- Voye mesaj bay moun sa ki te an kontak ak ou yo, di yo ke yo dwe plase pwòp tèt yo an karantèn lakay yo pandan 14 jou, kòmanse ak jou lè yo te an kontak ak ou an. Pwosesis sa a gen manm fanmi w yo ak tout lòt moun k ap viv nan menm kay ak ou.
- Si w pat gen **okenn sentòm** anvan w te fè tès lan, epi ou pa devlope yo aprè tès la, w ap genyen pou w izole pwòp tèt ou nan kay ou pandan **10 jou**.
- Si ou te gen **sentòm** anvan tès la, mete tèt ou nan izòlman lakay ou jiskaske ou ranpli chak kondisyon yo:
 1. Sa genyen omwen dis jou depi sentòm ou yo te fèk parèt **EPI**
 2. Sa genyen omwen 24 èdtan depi ou pa t gen lafyèv (san w pa t itilize medikaman pou w te kalme lafyèv lan) epi gen amelyorasyon nan sentòm respiratwa w yo (tankou pa egzanp, ou pa gen tous, souf kout).
- Pratike distans sosyal la pandan sèt jou depi dènye jou kote w te santi sentòm yo. Menm lè ou pap genyen pou w rete nan izòlman, ou pap kapab retounen nan travay jiska aprè sètèm jou an aprè sentòm ou yo te fini.

- Kontinye siveye pwòp tèt pa w pou sentòm pandan katòz jou kòmanse ak dènye jou lè w te gen sentòm yo.
- Si sentòm ou yo vin pi mal oswa si ou bezwen entènè lopital, avize doktè w lan imedyatman epi swiv enstriksyon sou mete yon mask lè ou rive nan etablisman an. Pa ezite rele 9-1-1 si ou kwè ou gen yon ijans.

KISA POU M FÈ SI REZILTA TÈS MWEN AN NEGATIF?

- Si rezilta tè ou an negatif, epi ou konnen ou te **reyèlman ekspoze a moun ki gen viris lan** nan yon ka ki konfime, plase tèt ou an karantèn jiska 14 jou aprè ou te ekspoze an, kèlkeswa rezilta tè la.
- Si tè ou an negatif epi ou pa konnen **ou te janm te ekspoze** a yon ka ki konfime epi ou **asenptomatik** (ki vle di ou pa gen sentòm), ou kapab retire pwòp tèt ou nan karantèn lan. Kontinye pratike distans sosyal lan parapò ak lòt moun.
- Si tè ou an negatif epi **ou pa konnen ou te janm ekspoze** a yon ka ki konfime, men ou **senptomatik**, ou kapab byen genyen yon lòt mikwòb respiratwa k ap sikile nan kominote a. Evite al travay ak patisipe nan gwoup 24 èdtan aprè ou vin pa gen lafyèv ankò (san w pa t itilize medikaman ki pou kalme lafyèv) epi aktivite respirasyon w yo te amelyore.

RESOUS POU PLIS ENFÒMASYON.

- Pou plis enfòmasyon, ale nan DE.gov/Coronavirus.
- Pou enfòmasyon sou divès diferans ak egzijans nan karantèn konpare ak izòlman, klike bò [isit la pou anglè](#), klike [bò la pou Panyòl](#), epi klike [isit lan pou kreyòl ayisyen](#).
- Èd yo disponib. Kontake [Delaware nan 211](#) lè w rele 2-1-1 oswa ekri kòd postal ou nan 898-211.